# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

## Айырым пәнлер терең үйренилетуғын мәмлекетлик улыўма билим мәкемелериниң қәнигелестирилген класлары ҳәм де қәнигелестирилген улыўма билим бериў мәкемелеринде 2021-2022-оқыў жылы ушын үлги оқыў режелерин тастыйықлаў ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Президентиниң “Химия ҳәм биология бағдарларындағы үзликсиз билим сыпатын ҳәм илим-пән нәтийжелилигин асырыў ҳаққында” 2020-жыл 12-августтағы ПҚ-4805-санлы ҳәм “Хабар технологиялары тараўында билимлендириў тараўын жәнеде жетилистириў, илимий изертлеўлерди ҳәм оларды IT-индустрия менен интеграциялаў ис-илажлары ҳаққында”ғы 2020-жыл 6-октябрьдеги ПҚ-4851-санлы ҳәм де Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң “Айырым пәнлер терең үйренилетуғын мәмлекетлик қәнигелестирилген улыўма билим бериў мәкемелери жумысларын жетилистириў ҳаққында” 2008-жыл 7-августтағы 173-санлы қарарларында белгиленген ўазыйпалардың орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 28-январьдағы “Айырым пәнлер терең үйренилетуғын мәмлекетлик улыўма билим мәкемелериниң қәнигелестирилген класлары ҳәм де қәнигелестирилген улыўма билим бериў мәкемелеринде 2021-2022-оқыў жылы ушын үлги оқыў режелерин тастыйықлаў ҳаққында”ғы 13-санлы буйрығы орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. Жоқарыдағы буйрық пенен:

оқыў өзбек тилинде алып барылатуғын айырым пәнлер терең үйренилетуғын мәмлекетлик қәнигелестирилген улыўма билим бериў мәкемелериниң қәнигелик пәнлери дизими ҳәм 2021-2022-оқыў жылына мөлшерленген үлги оқыў режеси 1-қосымшаға муўапық тастыйықланғанлығы;

оқыў рус тилинде алып барылатуғын айырым пәнлер терең үйренилетуғын мәмлекетлик қәнигелестирилген улыўма билим бериў мәкемелериниң қәнигелик пәнлери дизими ҳәм 2021-2022-оқыў жылына мөлшерленген үлги оқыў режеси 2-қосымшаға муўапық тастыйықланғанлығы;

оқыў басқа тиллерде (қазақ, қырғыз, тәжик, туркмен) алып барылатуғын айырым пәнлер терең үйренилетуғын мәмлекетлик қәнигелестирилген улыўма билим бериў мәкемелериниң қәнигелик пәнлери дизими ҳәм 2021-2022-оқыў жылына мөлшерленген үлги оқыў режеси 3-қосымшаға муўапық тастыйықланғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў тараўында:

оқыў қарақалпақ тилинде алып барылатуғын айырым пәнлер терең үйренилетуғын мәмлекетлик қәнигелестирилген улыўма билим бериў мәкемелериниң қәнигелик пәнлери дизими ҳәм 2021-2022-оқыў жылына мөлшерленген үлги оқыў режеси 1-қосымшаға;

оқыў өзбек тилинде алып барылатуғын айырым пәнлер терең үйренилетуғын мәмлекетлик қәнигелестирилген улыўма билим бериў мәкемелериниң қәнигелик пәнлери дизими ҳәм 2021-2022-оқыў жылына мөлшерленген үлги оқыў режеси 2-қосымшаға;

оқыў рус тилинде алып барылатуғын айырым пәнлер терең үйренилетуғын мәмлекетлик қәнигелестирилген улыўма билим бериў мәкемелериниң қәнигелик пәнлери дизими ҳәм 2021-2022-оқыў жылына мөлшерленген үлги оқыў режеси 3-қосымшаға;

оқыў басқа (қазақ) тилде алып барылатуғын айырым пәнлер терең үйренилетуғын мәмлекетлик қәнигелестирилген улыўма билим бериў мәкемелериниң қәнигелик пәнлери дизими ҳәм 2021-2022-оқыў жылына мөлшерленген үлги оқыў режеси 4-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

4. Қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма билим бериў мектеплериниң 1-4-класларында ҳәмде басқа улыўма билим бериў (әпиўайы) класларында оқыў барысы Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 5-апрельдеги "Қарақалпақстан Республикасындағы улыўма орта билим бериў мектеплери ушын 2021-2022-оқыў жылына мөлшерленген таяныш оқыў режени тастыйықлаў ҳаққында"ғы 88-санлы буйрығы менен тастыйықланған таяныш оқыў реже тийкарында шөлкемлестирилиўи белгилеп қойылсын.

5. Улыўма орта билим бериў мәкемелери жумысын муўапықластырыў бөлими (М.Асеметдинов), Республикалық билимлендириў орайы (Қ.Жубанов) 2021-2022-оқыў жылында айырым пәнлер терең үйренилетуғын мәмлекетлик улыўма билим бериў мәкемелериниң қәнигелестирилген класлары ҳәм де мәмлекетлик қәнигелестирилген улыўма билим бериў мәкемелери ушын оқыў режелери тийкарында билим бериў барысын муўапықластырып барсын.

6. Барлық район(қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықлары ҳәм республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорларына:

бир ҳәпте мүддет ишинде усы буйрық менен тастыйықланған үлги оқыў режелерин барлық қәнигелестирилген улыўма билим бериў мәкемелерине жеткериў;

2021-2022-оқыў жылында оқыў барысын усы оқыў реже тийкарында шөлкемлестириў ўазыйпалары тапсырылсын.

7. Усы буйрықтың қабыл етилиўи мүнәсибети менен Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 17-августтағы "Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 7-августтағы "Айырым пәнлер терең үйренилетуғын мәмлекетлик улыўма билим бериў мәкемелериниң қәнигелестирилген класлары ҳәм де мәмлекетлик қәнигелестирилген улыўма билим бериў мәкемелеринде 2020-2021-оқыў жылы ушын үлги оқыў режелерин тастыйықлаў ҳаққында"ғы 144-санлы буйрығына қосымша ҳәм өзгерис киритиў ҳаққында"ғы 147-санлы буйрығы өз күшин жойытқан деп есаплансын.

8. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а. Қ.Бекбаулиевқа тапсырылсын.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,

2021-жыл "11" июнь,

148-санлы